

## Fòm pou Pèmisyon Brooklyn College Listening Project

### Ki sa "Brooklyn College Listening Project" la ye?

"Brooklyn College Listening Project" la se yon pwojè istwa oral entèdisiplinè ki ap ranmase ak anrejistre istwa oral sou lavi ak esperryans nan Bouklin ak vil Nouyòk la. Tout etidyan, pwofesè, anplwaye kapab patisipe nan bay entèvyou osnon rakonte istwa yo.

### Kiyès ki jere pwojè sa a?

Pwojè sa a se pwofesè ki nan diferan depatman nan koléj la ki jere li. Tankou, pwofesè ki nan Depatman Istwa, Jounalis, TV & Radyo, Mizik, Sosyoloji, Etid Ameriken, Etid Timoun ak Jèn, Antropoloji, ak Angle. Pou patisipe osnon si ou gen kesyon sou pwojè a, ou gen dwa kontakte Jessica Siegel, Pwofesè nan Depatman Angle, ki direktè "Brooklyn College Listening Project" (BCLP) la, nan: [jentin@brooklyn.cuny.edu](mailto:jentin@brooklyn.cuny.edu) or [nschiller@brooklyn.cuny.edu](mailto:nschiller@brooklyn.cuny.edu)

### Ki sa mwen genyen pou m fè?

Nou ap mande ou pou ou patisipe nan on entèvyou. Entèvyou a ap dire ant 30 minit a inè d tan. Yo ap poze ou kesyon sou esperryans ou nan Bouklin, esperryans ou nan vil Nouyòk. Ou lib pou reponn osnon pa reponn nenpòt nan kesyon yo. Ou ka chwazi pou ou pa patisipe osnon kanpe entèvyou a nan nenpòt ki moman.

### Ki sa yo pral fè ak entèvyou a?

Si ou vle, istwa w la pral nan koleksyon tout lòt istwa ki nan achiv nimerik bibliyotèk "Brooklyn College" la. Deja gen apeprè 500 istwa nan achiv sa a. Achiv sa a se yon achiv piblik e nenpòt ki moun ka gen aksè a li. Yo pral ajoute lòt entèvyou nan ane ki ap vini yo. Gen nan istwa yo k ap fèt nan fòm "podcast", sa vle di yo ka transmèt yo nan radyo osnon entènèt kote tout piblik la ka tandé yo.

### Ki dezavantaj ak avantaj ki genyen?

Youn nan avantaj ki genyen lè ou patisipe se kontribye nan ede dokimante e prezèv listwa, dokimante e prezèv istwa moun Bouklin ak vil Nouyòk la. Ou ka menm jwenn yon kout chapo pou patisipasyon ou nan pwojè sa a. Dezavataj ki genyen sèke ou ka jwenn sèten moun ki pa dakò ak kèk nan opinyon ou yo osnon ki pa dakò ak jan ou entèprete esperryans yo. Moun sa yo gen dwa nan fanmi ou oubyen yo ka fè pati piblik laj la.

Tcheke youn:

[ ] WI, mwen dakò pou mwen bay entèvyou a, epi WI, m dakò pou entèvyou m nan ak non mwen ale nan achiv "Listening Project" la. Kasèt ki anrejistre entèvyou m nan ap disponib pou nenpòt moun nan "Brooklyn College" osnon moun ki nan piblik la ki vle sèvi avè l. Yo kapab itilize anrejistreman nan esposizyon piblik, oubyen jwe li

nan radyo, televizyon, entènèt, osnon enkli li nan nenpòt piblikasyon “Brooklyn College Listening Project”.

## OUBYEN

[ ] **WI**, Mwen dakò pou mwen bay entèvyou a, **men mwen vle se senpman nan sal klas pou yo itilize li**. Mwen pa vle pou ni non mwen ni entèvyou a ale nan achiv piblik “Listening Project” la. Mwen pa vle pou yo transmèt entèvyou m nan radyo, entènèt, televizyon osnon pou yo pibliye entèvyou a.

---

Siyati patisipan an

---

Non (enprime li)

---

Dat

Si ou te tcheke “wi” pou ou te bay pèmisyon pou nou mete entèvyou ou la nan achiv epi itilize entèvyou ou la, epitou nou deside bay li nan radyo, televizyon, entènèt osnon pibliye istwa ou la, nou ta renmen kenbe kontak avè ou. Ki meyè fason nou ka kontakte ou (adrès imèl ou, telefòn ou)?\_\_\_\_\_

Non moun ki fè entèvyou a:\_\_\_\_\_